Соколёнок

# Лачен

1/2017
январь – февраль

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІУКУМАТАЛЪ КІИ-КІИ МОЦІИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ

## 2017 - Дагъистаналда - Каспиялъул сон












*Каспийск шагьаралъул тIоцебесеб школалъул авар мацIалъул мугIалим Хадижат ХирамухIамадовалъул жигарал цIалдохъаби*

# Ленинградалдаса гъалбал

Къо букIана цIакъ хинаб. Гъаваялда хутIараб цо-цо хъахIал хьухьал гурони, накIкIалъ зоб бахчараб бакI бихьулеб букIинчIо. Росулъги гьелда сверухъги берцинабщинаб бакIалдеги щун, щибаб тарихияб бутIаялъул жинда лъалебщинабги бицун, гьалбадерил ракIгъей гьабуна инсуца. Свакан рукIаниги, бихьанщиналда гIажаиблъун, гьурмазда разияб асаргун къадеялде рокъоре тIадруссунел рукIана киналго.

Эбелалъги ясазги гьарзаго квентIеххги рекъезабун, гIодорчIеялъе хIадурун букIана кинабго.

ГIалхудаса хIурги чуризе гьурмадаса свакги инеян рокъоре лъугьиналде ниж, ахикье тIасагIодобе гомог чваххулеб бакIалдехун ана.

— Гьай, лазатя, гьалъул цIоройги цIакълъиги! — ян абулеб букIана къецги свакги лъадаца бахъун араб гIадаб асарги лъугьун, гьалбадерица.

— Лъоба, тIадмагIаралдаса бахъараб бачIунеб буго гьеб баркаман. Ридал цIороялъ гьекъезе кIоларо, хасало хинабгиха гьеб букIунеб, — абун бицана инсуца гьезие. — Ихдалил гIуж бугелъул, гьабсагIат гьоркьохъеб хинлъи-цIорой букIине ккола гьалъул.

—БацIцIалъиги бихьуларищ? ЦIорол шиша гIадин, бакъуде кенчIолеб буго, — ян абуна, магIарул тIабигIаталъул тIолабго бихьанщиналда бахиллъарай гIадин йиге Мария Валерьевналъ.

— Гьеб гурищха, Мариша, гьеб гурищха, — ян гьелъул щибаб рагIи ритIухъ гьабулеб букIана Иван Аркадьевичасги.

Ахикь тира-сверулаго, щибаб гъотIол пихъил тайпаялъул, гьеб киса щвараб, лъица кьураб, кидал чIараб, кинаб гъветIалъ кигIан къадаралъул нигIмат кьолебалиги бицунеб букIана инсуца гьезие.

— Квенги цIоролалде, жанире щайха рачунарел гьалбал, хабар рокъор гIодор чIунги бицине бегьилин, — ан ахIана эбелалъ, рагьараб гордухъан ящадай къватIиеги къулун.

— КваначIого гIорцIараб гIадаб хIал буго нижерни, — ян абуна Иван Аркадьевичас, тIад-тIад вуссун, сверухъе берги щвезабулаго.

— Кванда нахъа жеги гьуинлъила нилъер гара-чIвари, — абун, инсуца гьел гьанже жанире лъугьине гIедегIизаруна.

МагIарул миллияб кванилги хIалбихьулаго, гьелъул цIар, щиб кин гьабулебали лъазе бокьун, щибалъе тIадегIанаб къиматги кьолаго, гьаругьин кваналел рукIана тIаде рачIаралги, гьезда цадахъ гIодор чIун, гьираялда кинабго бицунел ругел эбел-эменги.

Ясал жинди-жиндир тIехьги кодобе босун, састун цIалдолел рукIана. Лъимал гьалбадерида бадире ралагьун, гьоркьосан раккун рукIунеб гIадат гьечIилан, тIаде рачIаразда цебе лъураб квандеги гьел инегIан квер бегьи-

зе рекъон букIунарилан, гьитIинго гьезие кьураб тарбиялда, жалго ругьунлъараб къагIида букIана гьеб. Гьеб гIадаталдаги цIакъго ракI рекъараб гIадин, рагIи абичIого, бетIер гьанкIун, бичIчIизабуна гьез.

– Чайги босеха, Асият, – мокьрол компотги рагье, квен бакIаризе мунги ячIа, Аминат, – илан, абуна малъулеб букIана эбелалъ ясазда.

Аминатица гъадаро-щурум нахъе бакIарана, чай кьелалде стол бацIцIана. Столалде гъенараб хъурараб чадил богIоллъи гъадринибе базе лъугьана.

– Вай, унго, бегьилищ гьеб жо гьабизе! Воре, гьанибе, кьея, дица кIалдибе балин, – абун цадахъго гIадин кIалъана рос-лъади.

Аминат, щибго бичIчIичIого, хаган хутIана.

– Гьанибе бай, – абун хъат цебе ккуна Мария Валерьевналъ.

– Щай, дица гIодобе баларо... ГIанкIаби руго нижер... – илан жиндирго гIайибги бичIчIун, абизе рагIи бачIунарого йикIана яц.

– ГIанкIуязулги жидерго квен букIуна. Амма чадил хIурмат гьабун, кваналалде цере щибаб нухалъ тIаде рахъинецин ккела нилъ... Нужеда гьеб щибха лъалеб, дир лъимал... Чадикълъи бихьарал, ракъиялъул кьогIлъи лъарал, хваралин тезе бегьулел чурхдузда цIидасан ТIадегIанас рухI лъуралилан рикIкIине бегьула ниж. ГIумру нахъе букIун бугоха. Нижер кьерилал... дагьалищ гьел рукъарал, ракъиялъги квачалъги, цойгищинаб мукъсанлъиялъги... Инсаниятталда бихьугеги нижеца хIехьараб ракъиялъулги рагъулги вахIшилъи. Дуняланлда цониги лъимералда бихьугеги нижер гIадаб лъимерлъи, рачIине хъван батугеги Ленинградалда рукIараб гIадал къоял, нилъер улкаялде бачIараб гIадаб балагь!..

Аминат нечана, багIарлъана. Жиндагоцин лъачIого гIодой чIун ятана столалда нахъа лъураб бакIида. ГIанкIуязе кьолилан абуниги, чанги гордухъа къватIибе хьвагIун толаан гьелъ чадил ричIчIи, цинги азбар лъухьулеб мехалъ, хIурги ракьги жубан, гъобе гъутIбузухъегIан цадахъго хъван толаан. ЛъухьизегIанги, дорегьанирехун хьвадулаго, чанги тIаде хIетIе ккун, мерхьунги батиларищха!

– Нижеца цо нухалъ, эменги рагъде ун, эбелги унтун йикIун, хвечIого рухI борчIиялъе дирго хьвацIил рачелги гьализабун, гьелъул гьагIугицин гьекъана, белъинего белъунареб хьвацIагицин чIамуна... Гьадинаб дунялги гьарзаяб ресги букIинчIо, дир лъимал, – абун пашманлъун ана Иван Аркадьевичасул берал. Бакъ свараб зоб гIадин лъугьана, гьабсагIатги разиго букIараб гьесул гьумер.

Гьес жеги бицунеб букIана, амма Аминатида рагIулеб букIинчIо гьесул хадусеб хабар. Гьелъул жиндего ццин бахъана, гьединаб къварилъи бихьарал гIадамазда гьадинаб разияб къоялъ гьеб кинабго ракIалде щвезабурай жиндирго ахIмакълъийиланги, пикрабалъ жиндаго ягъулейги йикIун.

–Ракъунги цIоронги хварал гIадамал гьакида лъун раччулел рукIарал нижеда къотIноб гIодобе бортун батана хвараб гъеду. ЦIер чIвараб гьебги хис-хисун цин хъатаниб, цинги къвалакь ккун чучизабун, дицаги гьалмагъасги белъа-бежичIого, къотIнобго квана.

– Цо къогицин кIочон гьечIо, гьеб «жужахIалъул» ... Цойищ гьединаб, щибго гуреб жо кваназе ккараб, гIицIго гIодор ккечIого рукIиналъе, цого-цо хвечIого рукIиналъе, – абун, Иван Аркадьевичасда тIадбазабун бицунеб букIана Мария Валерьевналъги.

Рамазан МухIамадов

## ВЕХЬ



Унеб букIана тарихалъул дарс. МугIалим Рамазан ХIажиевич:

- Лъица бициннеб, век щибжояли? – абун цIоробераздa тIасан классалъухъ балагьана. Квер борхичIев цониги цIалдохъан вукIинчIо.

- Ворея, ГIусманов, молодец, бице, - ян килищ битIана киданиги квер борхичIев, бекилеб хIалалъ гIункIрукьалъ парта бухулев вугев, инсул гIиги гIемерав ИбнумасхIудиде.

- Хизри вуго, - ян жаваб кьуна гьес Микьудаса гIиял вехьги ракIалде щвезавун.

## БЕЦIЛЪИ ВУГО



ЦохIовасгуронитIокIаблъимербукIинчIо Асмал. Гьелъ Аллагьасул хIукмуялдаги разилъун, канлъиго-канлъийилан, цо бугеб жавгьарул гожойилан, бугеб хIалалаб цIарги бахъичIого, веэдулаан гьев. Сагьазеги багьана гIола цо жо чIамизе щвани, гьезги Канлъийилан ахIулаан Асмал васасде.

Гьес щиб гьабурабали лъаларо, гьесул вукIарав мугIалим ЛатIипица аскIовеги ахIун, лъазабун буго: «ПалхIасил, жакъаялдаса мун канлъи гуро кколев, мун бецIлъи ккола» - абун.

# Нижехъ гьоболлъухъ - тумазул хъвадарухъаби

Казбек Мазаев

# КъоркъотIинчI

(МАРГЪУ)



Цо нухалъ, кIодол пастIаниб бижараб гIабкIил тIанхида гъоркьа къверкъги тIинчIги тира-сверизе рахъанила.

- Гъаб тIолабго бахча нилъерин кколеб, дир гьитIич, - ин абунила къоркъоца тIанчIида.

КъоркъотIинчI цIакъ боханила, гIажаибго гьиманила.

Унго-унголъунги пастIаниб лъикI букIанила: багIарал помидоралги, гьорохъе хьвагIолел гIубилал бакъдебуссалги, сверухъе чIарал берциберцинал тIугьдулги гьезие гьимулел рукIанила. Гьеб кинабго баркаман жинди-жиндир берцинлъиялдаса чIухIун, талихIаб асаралъул цIун, разилъун рукIанила. Гьеб гьайбатлъиялда хIикмалъараб къоркъотIинчIалда ракI тIвагьдолеб букIанила. Бохиялъ кIанцIун биччантараб гьеб, чехьатIаде кканила.

- Цебе балагьун, хехлъичIого хьвадизе лъазе ккола, дир къиматаб хазина, - абун къвал банила эбелалъ гьелда.

- Эбел, гьанже лъалеб буго дида кIанцIезе, мекъи кколебги гьечIо, - ян боханила къоркъотIинчI.

- ХIалчIахъад, дир цIодор! – абун

беццанила эбелалъ тIинчI. ТIинчI дагъабги боханила ва кIанцIун унаго, цо къвакIараб жоялдаги тункун, нахъеги чехьатIаде реханила. Амма эбелалъул кумек гьечIого тIаде бахъине кIванила гьелда. Унтулеб бугеб гьурмада кверги бахъун, сверухъе балагьанила. Гьелда бихьанила тIогьилал тIугьдузда гьоркьосан баккараб гIурччинаб, халатккараб нигIмат.

- Мун щиб кколеб? – илан гьикъанила гьелъ.

- Дуда дун лъаларищ? Дун ккола охцер! – абун жаваб гьабунила доб гIурччинаб нигIматалъ.

- Охцер?! – абун гIажаиблъанила къоркъотIинчI. – Баба, дунги охцер гурищ? – ан гьикъанила гьелъ эбелалда.

- Гуро, дир тIинчI. Мун ккола къоркъотIинчI.

- Баба, охцер гуреб, къоркъотIинчI щай дун кколеб? Яги охцерги щай къоркъотIинчI кколареб?

Гьеб цIодораб суалалъе бачIинахъегожавабкьунбажаричIилакъоркъода. «Унго, гьанжесел тIанчIазда бугеб гIакълу!» Дун гьитIинаб мехалъ гьединал гIакъилал суалал эбелазе кьезе тIанчIазда лъалароан», - илан пикру гьабунила гьелъ, цинги тIанчIидехун абунила:

- Дир суалалъе жаваб дица метер кьела, дир тIинчI, гьанжейин абуни, охцергун басандизе а мун. Гьебги мунго гIадаб, тарбия щвараб, лъикIаб нигIмат бугилан кколеб бугин дида.

- Дуда цIар щиб? – илан гьикъанила къоркъотIанчIица охцералда.

- Дида цIар ЦIвак-цIвак ккола, - ян абунила охцералъ.

«Дида цIар щибха кколеб?» абун пикру гьабунила гьелъ ва эбелалда гьикъанила:

- Дуда бищунго берцинаб цIарха бугеб, дир месед. Мун ккола ТIонцIик.

- Дида цIар ТIонцIик ккола! РагIулищ дуда, ЦIвак-цIвак?! ГIурччинал михъалги ругеб тIогьилал тIугьдулъанги баккун, мун щай гьенисан далун чIун бугеб?

- ПастIанкIодо йохизайизе, кIудияб гIезегIан гьадин далун чIезе ккола дун.

- КIудияб гIедал, кIодоца щибха дуе кьезе бугеб? – илан гьикъанила къоркъотIинчIалъ.

- КIудияб гIурабго, ПастIанкIодоца дун, «гьай, баркаманилан» кваназе буго.

- КIодоца мун кванайгун, лъикI букIине батила...

- Лъаларо, лъикIищ, квешищ гьеб букIинебали, жеги дун лъицаго кваначIелъулха, - ян абунила охцералъ.

- Баба, диеги бокьун буго, кIудияб гIураб мехалъ дунго ПастIанкIодоца кваназе.

- Вай, цIунаги! – ян, зодихъе квачIалги ритIун, гьаранила къоркъоца. – Дуца бицунеб жого щиб, дир гьитIикI, цIунаги мун лъицаниги кванаялдаса!

КIудияб чIепги мугъзада бан, кватIичIого ПастIанкIодо тIаде щванила. Гьей охцерал рижараб рахъалде гIагарлъанила. Гьениб гьитIинаб ва загIипаб къоркъотIинчI бихьидал, гьей гьиманила ва абунила:

- Дир гьитIинаб ва рухIдакъаб чIаголъи, дидаго лъачIого чIчIинтIизе гурин, цодагьаб добегIан а, дун нахъе инегIан, - илан.

Охцерал рекьараб кьералдеги къулун, жиндирго хIалакъккарал квераз гьел ретIизе жуянила ПастIанкIодо. ТIунила кIодоца къоркъотIанчIилгун

гьудуллъи ккараб ЦIвак-цIвакги. ЧIепги цIун, охцералги росун анила гьей рокъое.

ЦIакъ пашманлъанила къоркъотIинчI, гьанжего-гьанже жиндир гьудуллъи ккараб охцерги гьелъ босун индал.

- Баба, абун, ракIбакъван лъугьанила ТIонцIик. – Диеги бокьун буго ЦIвакI-цIвакида цадахъ ПастIанкIодохъе ине, ва гьелъ дунги квине.

- Абуге, дир хирад, гьединаб ракI гъанцIизабулеб рагIи. Охцериланги ккун кIодоца мун кванан тани, дица щибгIаги гьабизе бугеб? Вай, цIунаги, гьеб балагьалдаса! – абун гIодизе лъугьанила къверкъ.

Гьеб бихха-хочараб гIодиялъухъе пастIанир рукIанщинал къуркъби кIанцIунго-кIанIун, данде руссанила. Унтун бусада букIараб къоркъотIанчIил адагицин хIалицаго бахъун, хъурщун щиб, шурун щиб, тIаде гIунтIанила.

- Лъугьараб жогIаги щиб? Щай гьадигIан цIакъ гIодулеб? – илан гьикъанила адаца.

- Кинха гIодилареб, метерги ПастIанкIодоги ячIун, охцерилан ккун гьелъ дир ТIонцIик кванан тани, щиб дица гьабизе бугеб? Къур-р-р, къур-р-р, къур-р-р... Цинги киндай дун букIинеб, гьитIичги гьечIого-о-о-о?! – абун гIодулеб букIанила гьеб.

Къоркъоадалги ракI гурхIанила гьезда ва цадахъ рекъон гIодизе лъугьанила. ПастIанир рукIанщинал къуркъбиги цого хоралда гIодизе журанила.

ГIицIго цо чIанхъарахъ букIанила, гIабкIил тIанхидасан гьезухъги балагьун, белъизе бокьун. Амма гьелда релъи къватIибе бахъизе кIвечIила, хIацIцIдал цIураб жиндирго кIал рагьун бажаричIого.



Мухlамад Ахlмадов

# Лъимерлъиялъул цIваби







# КучIдул

КучIдул кунчIулел руго,
Карназул бакъ кинигин,
Кинабго гIаламалъе
ГIасрудал канлъи кьезе.

КучIдул гIодулел руго,
КучIдул релъулел руго...
КучIдузулъ къисмат буго,
Къисматлъун кучIдул руго.

***

Дирго тIалъиялде
ТIадвуссунелъул,
Лъугьуна рекIелъе
Рохалил асар.

ГIажаибаб хIалхьи
ХIухьеллъун чIола,
РикIкIада хутIарал
Сонал цIилъула.

Лъимерлъидул гIурул
ГIанчIал бакъназда
Бакъулги цIадалги
КучIдул ахIула.

# Хиялазул кечI

Бокьула гIурччинго
Рихьизе рохьал,
Рохьил харида тIад
ТIибитIизе щуб;
Рогьалил хIеренаб
Гьорол куркьбазда
Ракьалъул хIухьелги,
ХIикматги хъвазе;
ХъахIилал зобазул
РоцIараб гьумер
Гьал дир пикрабазулъ
Даим гьимизе.

Бокьула лъимерлъи
Лъалел нухазда
Иццал гаргадизе,
Чундул чвердезе;
Зодилал цIумазул
Свери бихьизе,
ХIанчIазул чIичIиялъ
ЧIаголъи кьезе;

ТIанхазулъ щущараб
Щурщурги босун,
Саринал дир рекIелъ
РорчIизаризе.



# Лъималазе

## Сурат

Дир яс ПатIиматица
Сурат бахъун буго дир:
Дида гьеб сураталда
Цо дирго михъал лъана.

## ТалихI

Эбелалъул кверги ккун
Унеб мех – талихI буго,
ХIикматлъун буго дие
Эбел гьимулеб лахIзат.

## ЧотIахъан

Дун чотIахъан вугилан
Гаргалев вуго ГIали:
- ГIела мунго вецарав,
Воре цо, ваха чотIе!
ГIали чотIе вахана –
ХантIан гIодов речIчIана...
БичIчIана лъималазда
ЛъикIав чотIахъан вукIин.

## Хасалил къо

Хасалил цIорораб къо –
Сорозе гьарулеб къо.
- Гьури, гьарула дуда
Дир гIундул кьуругеян.

Къурдулеб буго гьури
«Гъарсилан» ахIулаго:
- Дада, дада гьорода
Дун вухугеян абе.

## ЯсикIо

ПатIимат кIусун йиго
ЯсикIоялда цее,
Ясалъ гьелъий ахIулеб
РагIула кинидахъ кечI:

- Кьижа, кьижа, ясикIо,
КIодо ягъулей йигин.
Мун кьижизе кечI ахIун,
Дунго кьижулей йигин.

## ГIусал

Вай, бортанин дир гIусан
ГIусман гIодилев вуго,
ГIадада гIодугейин
ГIаду кIалъалев вуго:
- Рахьдал гIусалги рортун,
Раккула цIиял гIусал.

3

# Берцинлъиялъул кечI

Берцинлъи буго чилъи,
Берцинлъи буго лъикIлъи,
Берцинлъи – гьеб гIаданлъи
ГIадамазулъ гIадатлъи.

Берцинлъи – рагьараб ракI,
Ракьалда хутIараб лъалкI,
Инсанасулъ бахчараб
Балъгояб ицц – Берцинлъи.

Берцинлъи – рекIараб нус,
Дунял цIунулеб намус,
Берцинлъи – рокьул чирахъ,
ТалихIалъулги сухъмахъ!

20

# ГъутIбузул кечI

Лъаларищ, нижеда гъоркь
РукIаралщинал иццал,
ХIанчIаз куркьбал чуризе,
Чундуца кIутIби хъвазе.

Къун ана гьел... КъотIана
Гьезул чили, гьезул кечI.

ГъутIби ракIалде щвезе
ХутIарал лъалкIал гIадин,
Турарал хIухьдул руго
Нижеда аскIор хутIун.

ГIадамаз гIаштIи буго
ГIумруялъго хьвагIулеб, -
Рохьил сверухълъиялда
Ссудулел руго ругънал.

Макъар бахъулеб буго
ХъахIал махил гъутIбузул,
ЦIарал рикIулел руго
Рохтабазда носоца.

Бегъуларо гьадинан,
ЩIуне нужеца иццал,
ЩIуне нужеца гъутIби,
ЩIуне, цIуне тIабигIат.

19



## Щай?

Дир ццин бахъараб мехалъ
Баба елъулей йиго,
Дун ахIтIезе лъугьиндал
Дада гьимулев вуго.
Гьеб щайдай, гьудулзаби,
Бице нужеца дида, -
Дун кIудияв гIун вуго,
ГьитIинав вукIаниги.

## Къалмал

Дица къалмал рахчана,
Къаси тIадеги вахъун,
Вацасда лъалаpедухъ
Лъун тана гьел батIаго.
Дир суратал рахъизе
Жеги гьунар гIеларо:
Къалмаца мухъал цIани,
Нур рещтIуна кагътида.

## КечI

Халкъалда цее яхъун
КечI цIализе тIад къана,
ТIаде заман щварабго,
Щай лъаларо, хIинкъана.
РачIунаро рагIаби,
РагIулеб гьечIо гьаракь,
ГIодизейищ гIодилей,
ГIадамалги ралагьун.

5



12

ГІадан гІадин кІалъалеб
Чу бихьараб мехалда,
Лъавудаса инчІого
ХутІана нилъер Расул.

ТалихІ бугин авар мацІ
Дида лъалеб букІинан
БукІана рекІел рохел,
Виххун ккарав Расулил.

VII

Боржун унеб буго чу,
Чода тІад вуго Расул.
Кьвагьулаго тункІалгун
Хадур руго хъачагъал.

Амма гьел хадур гъечІо,
Чу мугІрузде борчІана.
ЧІана гьеб КьуртІа росулъ
Инсул рукъалда цебе.

Дир васин ахІулаго,
Дир чуйин ахІдолаго,
Эмен данде вачІана
Вас инсуда хурхана.

...Гьединаб къиса буго
Къаси дуе бицине...
Чу гІадинав ритІухъав
Чи гьечІо, дир вас Расул.

Дуе дарслъун букІине
Хъвана дица гьаб маргъу:
- Инсухъ гІенеккичІони,
ГІемераб къо бихьула.

17



Дица диего буго
АхІ-ахІун кечІ цІалулеб:
- Гьаракь рагІулеб гьечІо,
РагІи бачІунеб гьечІо.

6



Инсухъ гIенеккичIони,
ГIемераб къо бихьула,
Бихьила дудаго гьеб, -
Гьабе пикру, дир Расул.

VI

Гьедин гIемер мех ана,
Инсухъе вас вуссинчIо,
Амма Расулил айгъир
Лъиего мутIигIлъичIо.

Чанги гъоркье рехана,
ТIад рекIиндал, хъачагъал.
ГурхIелгун балагьана
Гьев васасул гIумрудухъ.

Чу сахлъана, къвакIана,
КъватIиб букIин бакIлъана,
РакI магIарухъе цIана,
ЦIалад бухIи чIалгIана.

Цо къоялъ Расулида
АскIобе бачIана чу,
Гьесул гIиндеги къулун,
Щурана авар мацIалъ:

- Ле, Расул, дур инсуца
Дун цIакъ лъикI хьихьулаан,
Гьесие гIоло дица
Дуе кумек гьабила.

Метер, рогьалилъ рахъун,
Лъутила магIарухъе.
Хъачагъазул гьал чуял
Гъеларо дида хадур.

Цо рохьосан унаго,
Анищазда вукIаго,
Щвана тIаде хъачагъал
ГIедегIарал чуязда.

- Хехлъи гьабе! - йин абун,
Гьас чода цIал кIутIана,
КIвараб хIалалъ бекерун
Пакъир цебехун ана.

Амма, пайда щиб, чодул
Къуват лъугIулеб буго,
Хъачагъаздаса гьелда
БорчIизе кIолеб гьечIо.

V

Гьале асир гьаруна
Васги чуги хъачагъаз,
Гъуна гьел цо нохъоде,
Хъаравул тана кIалтIа.

Гьеб къоялдаса нахъе
Хъачагъазул къавутIа
Чуял хьихьулев чилъун
Лъугьана нилъер Расул.

Хъачагъаз чода балеб
ЦIал гьасдаги балаан,
Гьезие балеб кIалцIи
Расулийги кьолаан.

Эменги ракIалде щун
Чан нухалда гIодарав,
Чу цIунейин гьабураб
Амру щай рехун тараб?





## Чирахъал

Руго гIечул гьотIода
ГIурччинал тIанхал раккун,
ТIанхазда гьоркьор руго
ТIугьдул – чирахъал ракун...
Гьал тIугьдузул чирахъал
ТIаде хаслихълъи щведал,
ГIечул чирахъал лъугьун
Нилъей кунчIизе руго.

## КатитIинчI

Дие дадаца бачун
БачIун буго катитIинчI,
ГьитIинаб ва тирияб,
ТоргIо гIадин, гирулеб,
Гордухъе бекерулеб,
НуцIида хархадулеб,
Хадуса бичIулареб,
ЧIечIого мимидулеб.

Дица гьелъий кидаго
Кинидахъ кечI ахIула,
Амма гьеб кьижуларо,
Кьурдула, басандула,
Жиндирго бусенги тун,
Дир бусада бегула,
Гуризе рачIги гьабун,
Радал тIаде бахъуна.

## Бакъдебус

Меседил бетIер борхун
Хуриб эхетун буго
Бакъ гIадинаб бакъдебус,
Сверухълъи гвангъизелъун.

ТIагIамаб семечка гьелъ
Гьарзаго цIунун буго,
ЦIубарабго, дир цабзаз
Цо-цоккун чIучIина гьеб.

9

Кьолоца мугъ ччукIана,
ЩанкIлал ганчIаз лъукъана,
Бакъараб, къечараб гьеб
Чи гьечIелъуб бухьана.

Инсул амру кIочана,
Чу цIунейин абураб.
Инсул аманаталъул
МагIна хадуб бичIчIана.

IV

Хадусеб къоялъ васас
Квас бичана цIакъ хехго,
ЛъикIаб багьаги щвана,
Бигьаго мехги ана.

Инсул тIадкъайги тIубан,
КъачIана магIарухъе,
Нахъа тана шагьарги,
Шагьаралъ ана ракIги.

РакIалда буго гьасда
Гьаниве тIадвуссине,
Инсулгун къо-лъикI гьабун,
Шагьаралдаго чIезе.

Амма гьасул чу буго
ГIодобе биччан унеб,
Унтун буго гьалъул гьод
Ругънал руго щанкIлазда.

Бакъараб ва къваридаб
Гьеб гIедегIунеб гьечIо,
ЦIалаца бацIаниги,
БуцIцIухIун чIолеб буго.

14

# Чуги васги

## (Маргъу гІадаб поэма)

I

КъуртІа росу букІана
НекІсияб борхалъуда,
ВукІана гъенив херав
Халкъалъе цІакъ хирияв.

Гъесул цого-цо бугеб
Бечелъи букІана чу,
Чода тІадги рекІун, гъес
Регана мугІрул, щобал.

ГІазуца цІоб гъабичІеб,
ЩІадал цІалаз бухараб,
Нухда жеги таричІеб
Тулакаб чу букІана.

ХІажил замана ана
Гъеб чодуй тимар гъабун,
Гъудуллъун букІана гъеб
РакІчІараб ва ритІухъаб.

Живго вакъун, хинкІ кьолеб,
Живго къечон, лъим кьолеб
ЛъикІав бетІергъанасе
МутІигІаб чу букІана.

ГІурухъ чвердезе гъабун,
МагІарда кваназабун,
Кинаб къо бачІаниги,
Къалаан гъеб каранде.



Дуда гІадамал лъазе,
ГІадамазда мун лъазе,
Чадил кесек гІадада
Щолареблъи бичІчІизе.

Нухда унелъул кьезе
ТІокІаб бечелъи гъечІо,
Чуги бачун а, дир вас,
Квас бичун тІадвуссине.

Квас нилъер лъикІаб буго,
БацІцІадаб ва хІеренаб,
ЛъикІаб багъа кьечІого
Кьоге гъеб базаралда.

Амма бищунго дуде,
Дир аманат: - Чу цІуне!
Чу гІадинав ритІухъав
Гъудул гъечІолъи бичІчІа!

III

Вас ана шагьаралде
Шагьаби ралагьизе,
Бигьаяб иш букІинчІо
Инсул тІадкъай тІубазе.

Нух халатаб букІана,
РекІаравцин сваквана,
Расулида кІочана
Чу, живго тІад рекІараб.

Нухда гъес пакъиралъе
Панкъ кьечІо, кІалцІи бачІо,
КІалдиса чангит бахъун,
Чу хІохь бахъизе течІо.

Гъалаллъун жал ххалаан,
Хадуб цIан бачунаан, -
Чу бичеян ХIажида
ГIемер чагIи гьардана.

Гъудул бичуларилан,
Гучаб жаваб кьолаан,
Кьолониверги кIанцIун,
Кьабун цIалгун, унаан.

II

ВукIана херасул вас
Расулилан цIар бугев,
Инсудаса кидаго
Разиго вукIунарев.

Щибаб къойил инсуца
Абулаан васасда:
- Чу гIадинав ритIухъав
Чи гIемер дандчIваларин.

«Дидаса чу бокьулев
Кьун вугин эменилан», -
Кьурун чанги вуссана
Расул эмен кIалъайдал.

Инсуй бокьун букIана
Вас гIаданлъун лъугьине,
ГIадамазда гьоркьов гьев
Гьунар тIокIав вукIине:

- Мун кIудияв гIун вуго,
ГIебавги лъугьун вуго,
ЛъугIизе тун хабаргун,
Вахъа, вас, сапаралде.








РагIалде бахъана цойги цIалул сон. Кидаго гIадин, тIобитIана эбел-эменги ахIараб данделъи. Рашидил эбелалда лъазабуна, анкьил болжалалда гьес киналго «кIиййилал» лъикIал къиматаздалъун хисичIони, лъабабилеб нухалъги гьелъул вас цого классалда хутIулилан. Гьелщинал лъималазул эбел-инсуда цебе жиндирго васасул хIакъалъулъ гьединаб хIакъикъияб гIунгутIи лъазегIан ракьулъе щайдай жий тIерхьнчIеян ракIалде ккана Марижатида. Гьадинги рекIел унтуца кIвекIулей йигей, дагьай цееги хIалица хвалдаса хвасарлъун йикIарай гьелъ, кIудияб бакIлъи тIаде бегараб гIадин, хIалица рахъулел рукIана хIатIал.

- Дир хирияв вас, мун гьавураб къоялъ дида ккун букIана дунялалда дие кIудияб талихI кьунилан. Жакъайин абуни, дунго гIадал улбузда цее додин нечезе ккезегIан, хвезеги хIадур йикIана дун. Лъабабилеб нухалъги тIасияб классалде вахъинчIев мун нечолевгIаги гьечIищ?! Дица мун сундениги хIажалъун танищ?! Мун цогидаздаса къадаравищ кколев? Мун лъикI цIализе гIоло, дуца гьаранщинаб тIубачIого танищ дица?.. Дуцайин абуни, дурго ччугIбузе, попугаязе, гIанкIазе квенцин кьун батуларо, лъимгицин хисулеб гьечIо. Гьеб кинабгоги дицаго гьабизе кколеб буго...

- Гьеб цIакъ захIматаб жойищ кколеб, гIанкIазе гIурччинлъи яги ламадур кьезеги, хIанчIазеги ччугIбузеги квен базеги, лъим тIезеги? – абун цIородго гьимана Рашид. Эбелалъул кIалъайги гъоркькъинабун, гьаракь борхун кечI-бакъанги биччан, диваналда тIамун лъуна гьев.

Васасе сундулго ургъел гьечIолъиги, жийго эбелалдехун биччалеб адабтейги бихьун, гIод-гIодун биччана Марижаница.

- Мун щай рурудулей? Дун гъоркьияб классалда хутIунилан дунял биххиларогури. Гьеб дидасан байбихьараб ва дитIа лъугIулеб гурелъул кколеб. Цоги-цоги лъималги хутIулагури гъоркь... Хисилин дица гьел кIиййилал, гIодойиччай... Амма ичIго класс лъугIун хадув тIокIалъ школалдеги инаро дун. ХIалтIуде лъугьина... - ян абуна Рашидица, расги разигьечIеб гьаркьидалъун.

- ТIубараб лъагIелгIан мехалъ тIехь кодобе босичIев дуца, тIолабго Россиялъул тарихги, биологияги, географияги, цогидал дарсалги анкьиде кингIаги лъазаризе ругел?! Дуца цо нухалъгIаги цIураб парччигIанасеб лълъим рокъобе бачIанищ? Дуда ракIалдейищ ккун бугеб балеб бакIалда цIакъ бигьаяб хIалтIи батилилан?

- Щай дун балеб бакIалда хIалтIизе кколев?

- Щиб хIалтIудегIагидайха мун восилев, гьоркьохъебгIаги лъайги щвечIев чи? Къадахъанлъунцин восуларо, гьесул кумекчилъун, хIарщ-лъим хадуб гьезабулев чIегIерхIалтIухъанлъун гурони... ХIалтIуде инеги радал хехго вахъине кколев, къоялъ гьенивги хIалтIун, къасиялде гурони рокъове ине бегьуларев... Мунин абуни, анкьи-

да кIиго дарсидеги ун, араб мехалъги щивгунгIаги вагъа-гъерон вачIуна рокъове.

- ГIела, байбихьанин гьанжеги добго хабар! Дун тира-сверизегIаги инин, азарцIул рагIараб цого чIандаялъухъ гIенеккичIого, - абун, кIанцIун тIадеги вахъун, хьитал ретIине жувана Рашид.

- Унго-унголъунги, дица гIезабураб «гIалхул жанаваргo» щиб?! – ан ахIдолей йикIаго, рекIеда кверги чIван, рехун ун чIарбида речIчIана Марижат.

ХIинкъиялъ, чIаралъувго хутIана Рашид.

- Эбел! Эбел! Щиб дуе ккараб? – абун, гIакълуялда ватарав гIадин лъугьун, ахIун борчIана Рашидихъа. – Эбел! Бегьулеб батани, абе цониги рагIи!.. Эбелин абуни хIухьелчIун йигоан. Рашид дагьавги цIакъ хIинкъана. Гьесул черх сородизе лъугьана. Гьесда ракIалда щвана тохтур ахIизе кколеблъи. АхIана... Тохтир тIаде щвезегIанги, эбелалъ гьекъолел рукIарал рекIел дараби хъирщахъвалевги вукIун, гьениса щиб кьуни лъикIали лъазе кIвечIого, Рашид мадугьалалъухъе векерана. ГIемер мехго иналде «Хехаб кумекалъул» машинаги кIалтIе щвана.

Кидагойищ эбел гьадин лъугьунейилан, щиб гьелъие ккарабилан тохтурас гьикъидал, мацI ккурабгIанги кIалъан бажаричIо Рашидихъа.

Эбел больницаялде хъамун ана. Машина цебеса тIерхьинегIан хадув валагьун хутIун вукIана, пашманлъиялъ гьурмал кьер хисарав Рашид. Рокъове нахъвуссиндалги, чIезе бакI батулеб букIинчIо гьесда. Рукъго бестIаллъун бугилан кколеб букIана. РекIелъ гьунарого гIадин, жаниб къан букIана цо къваридаб, кинабалиго бакIаб гамачI гIадаб жо. ЯхI гьабизе кIвечIого, кIалагъоркье бусадеги ккун гIодана, жиндирго гIайиб бичIчIарав, эбелалъул рекIелъ рагIабазулги хьвада-чIвадиялъулги «хучдул» чIварав вас. «Цощина, эбелалъе щибгIаги ккани... Эбел гьечIеб гIуруго щай дие?» абурал пикрабаз кьакъалев вукIана гьев. Гьесие бокьун букIана эбелалда къвал базе, гьелда къочардизе, тIасалъугьайилан гьардезе. Амма гьесда лъаларoан, кида гьелъие мадар лъугьинебали, кида больницаялдаса рокъое йиччалейали, яги...рокъоего йиччалелде... тIокIалъ йихьилищ гьей, йихьиларищали. Рашидил ракI дагьабги кIудияб хIинкъиялъ къакъазе лъугьана.

Гьев вукIана 14 сон барав, борхалъун араб лагаялъул, чорхолъвитIарав вас. «ЧIалу» - абун ахIулаан гьесде лъималаз, гьес къварид гьаридал. «Атаман» -илан абулаан гьесде, цо-цо лъималаз. Амма жиндирго гIелалда гьоркьов гьев вукIана цевехъанлъун. Гьес кьабичIевги, барщизавичIевги цониги цIалдохъан классалда вукIинчIелъул, гьесул цониги гьудулги гьенив вукIинчIо.

КватIараб сардилъ МахIмудил гордада лъицаялиго кIутIана. Гьуинаб макьуги гьоркьокъинабун, хинаб бусадаса вахъине бокьуларого вукIана гьев.

- Щий? Щиб къваригIараб? – абун, макьиххараб гьаркьидалъун гьикъана МахIмудица

- Дун вуго...Рашид!..

- Рашид?! – абун, хIинкъиги бахчулаго, гьикъана МахIмудица, гордухъеги вачIун.

- У, Рашид вуго дун, - абун, гIайиб ккараб гьаркьидалъун жаваб гьабуна гьес.

- Уха, мун ккола гьев... - абун, кватIараб сардилъ щай вачIаравали лъаларого, ургъелчIван лъугьана МахIмуд.

- Дида как базе малълъиларищ дуца? – абун, дагьабго гьаракь борхун гьикъана гьаб нухалъ Рашидица.

- Как базея?! – абун, гIажаиблъана МахIмуд.



- У, МахIмуд, как базе, гъабсагIатго... - абун хехлъана Рашид.

- Дида лъаларо, букIине кколедухъ дуда как малълъизе дихъаго бажаризе бугищали... Дуда гъеб щвалде щун мажгиталда малълъилаан. Амма дуца рекIехъе лъазаризе ккола гъале гъал кагътида хъван ругелщинал мухъал... Рогъалил как ахIизе гIемер заман хутIун гъечIо. СагIат ункъоялда вачIа мун дихъе, нилъеца цадахъ балин как...

- ЛъикI буго, МахIмуд, баркала, вац, дуе, - абун гъесул кверги босун, рокъове ана Рашид.

«БичIчIуларо, гъев гъадинав лъикIав лъугьиналъе гIилла. Дарсалцин лъазаруларев дуца, лъазеги гъабун, къол щуго нухалъ какгIаги киндай базе бугеб?» - абун, Рашидил пикрабазда вукIана МахIмуд. «Кинго бичIчIуларо, Рашид хисун лъеялъе гIилла... ЧIегIергъедоциндай гIадамасул мацIалда гъесда кIалъараб?» - абун вохана МахIмуд, Рашид лъикIаб рахъалдехун хисулев вукIиналъ. Вохиларевги кинха гъев, Рашидица кидаго гъесие, валъаргъунги къабунги рахIат толеб букIинчIелъул, жакъайин абуни, гъес унго-унгояв гъудуласухъе гIадин, кверги къедал гъасухъе...

РашидидакъижизекIолеббукIинчIо. Гъев эбелалъул ургъалида вукIана. Гъесда ракIалде щвана как бан хадуса эбелалъ ТIадегIанасда кумек гьарулеб букIараблъи ва кватIичIого жив сахлъаравлъи. «Дица киналго дугIабиги рекIехъе лъазаризе ккола, как базеги ругьунлъизе ккола дун» - абун, жиндиего рагIи кьун, вегаралъуса вахъана Рашид. Радал МахIмудгун цадахъ как базе ине ккани, гьеб рекIехъе лъазабизе кколелъул, цIалдезе байбихьана Рашидица. Гьеб сордо как базе лъазабулаго рогьана Рашидица.

Гьеб къоялдаса нахъе Рашидица цониги как течIо. КъватIахъеги къанагIат гурони вахъунев вукIинчIо гьев.

Рашидица эбелалъе рагIи кьуна «кIийилал» хисун, лъикIал къиматалги росизе, унтарай эбелги цогидал гIадамалги сахгьаризелъун, тохтирлъун вахъине вугиланги.

Киналго лъимал хIикмалъун рукIана Рашид лъикIав лъугьиналъ. ЧIахIияз абулеб букIана, кIудиял гIолаго васазда гIакълуги щолин, лъикIаб рахъалдехунги хисунилан.

# КIочонареб дандчIвай

ТIалхIат Ахъбердиев

*Сонал...Сонал...Сонал. Унел руго сонал хехаб гIор гIадин. Сверухъ балагьун вахъиналде хъахIлъун батулеб буго бетIер.*

Дида цебе буго тIогьиллъи рехараб, 67 соналъ цебе бахъараб сурат. Сураталда вуго ЦIадаса ХIамзатги ва доб заманаялъ Хунзахъ районалъул райисполкомалъул председательлъун хIалтIулев вукIарав Ахъбердиев МухIамадги. РакIалде щвана дирго лъимерлъиялъул заман. Унеб букIана 1949 абилеб соналъул июль моцI. Дун вукIана 11 сон барав Хунзахъ росдал анкьго сонилаб школалда цIалулев, риидалил каникулазда рокъов вугев, ункъо класс лъугIарав цIалдохъан. Дол рукIана рагъ лъугIун нахъисел захIматал, гьанжего-гьанже нилъер улкаялда рухI речIчIизе байбихьараб, жеги ракьалдаса рагъул ругънал сахлъичIеб язихъаб заман. БукIана багIарараб риидалил къо. Гьеб къоялъ жиндирго хIалтIул ишалъ Хунзахъе ГIарани росулъе унев вукIарав имгIалас, жиндирго хъулухъалъул машинаялдаги рекIинавун, дунги вачана жиндаго цадахъ тира-сверизе. ТIадруссунаго, кьоги бахун, ГIарани росдада аскIосан унеб Тобот лъарахъе щварал ниж гьенир лъалхъана чвердезе ва машина чуризе.

Гьенирго чвердолел кIиго-лъабго чиги ватана нижеда. Дир берчIвана, хъахIаб бахараб мегежги бугев, ригь арав чиясда. Дида гьев сураталда вихьарав чиясда релълъун вихьана ва имгIаласда цIехана гьадав чи ЦIадаса ХIамзат гурищан.

ИмгIал дихъги валагьун тамашалъун хутIана ва цIехана кингIаги дуда дов лъарав цеве вихьунгIаги вукIанищ дуда ЦIадаса ХIамзатан. Дица жаваб кьуна сураталдасан лъанилан.

Дие цIакъ рокьулаан ЦIадаса ХIамзатил кучIдул. Доб заманаялъ къватIире риччарал шагIирасул кIиго томалъул асарал дица цIалун лъугIизарун рукIана. Цо-цо гьес хъварал кучIдул рекIехъеги лъалаан дида.

ИмгIалас дида абуна гьев чи, хIакъикъаталдаги, МахIачхъалаялдаса магIарухъе щвезе вачIарав, ЦIадаса ХIамзат вугилан.

Ниж хабаралда рукIаго, чвердезеги чвердон, ХIамзат гIурдаде вахун вачIана. Дир имгIалги шоферги гьесда аскIоре ана. Гьел кIиялго гIемераб мехалъ, разиго, хабар-кIалалда рукIана. Гьезухъ балагьараб мехалда бичIчIулеб букIана, гьел церегоялдаса нахъе цоцада лъалел чагIи рукIин. Бигьа гьабун хъурщун щиб, вилъун щиб, дунги щвана гьезда аскIове ва имгIаласда аскIов кьерун чIана. Дихъги валагьун ХIамзатица цIехана имгIаласда, дур васищ гьав кколевилан. ИмгIалас ХIамзатида бицана рагъда чIварав жиндир вацасул вас вугин дунан. ЦIадаса ХIамзатица дир катIариялда недегьго квер бахъана ва чанабилеб классалда, кинал къиматазда цIалулев вугевилан цIехана. Дун дагьав нечаравлъиги бихьун, гьес дида абуна лъикI цIалеян, нахъа заманалда мунго гIадамазе пайдаяв чилъун лъугьине. Цинги ХIамзат тIад ретIел ретIине лъугьана.

**Дида гъанжеги цебе чIола ХIамзатица ретIун букIараб гIадатияб магIарул ретIел. Галифаби ругеб тIажу, гIекIмацIал далараб рачел борчараб гурде. Гурдеялъул квегIаб рахъалда ран рукIана Верховный Советалъул депутатасул значок, орденал - медалазул бакIалда ралел батIибатIиял кьеразул халатаб гIаламат, суртIагъур, тIеренал чакмаби. Къо лъикIги гьабун, гьес нижер кверал росана.**

**ЦIада росулъе гьев щвезавизе машина битIулеб букIана дир имгIалас, амма кигIан гьараниги ХIамзатица машинаялдаса инкар гьабуна. «Дун дирго ругьунаб сухъмахъ нухалъ ина, тIабигIаталъухъги валагьун», - ан абуна шагIирас. ГIодове виччан, тIадагьго галабиги тIамулаго, гьев нижедаса рикIкIалъана, кьоги бахун хурзал чIван эхеде бугеб тIеренабго сухъмахъ нухалъ ЦIада росулъе валагьун унев вукIана, гьоркьо-гьоркьов рахърахъалдеги балагьун, хъатикь ккураб гIурччинаб хьопги хьвагIизабулаго. Дун ХIамзатида хадув, гьев цевесан тIерхьинегIан гIемераб мехалъ валагьун хутIана. Гьеб букIана тIоцебесеб ва тIарамагъадисеб нухалъ хирияв шагIир дида вихьараб къо.**

**Дун, гьитIинавчи, цIакъ хIикмалъун хутIана ХIамзатил гIадатлъиялда, машинаялдаги рекIинчIого, гьев херав чи лъелго иналда. Дир лъимерлъиялъул рекIелъ ХIамзат хутIана яхI бугев, сахав, чIухIи гьечIев, гIадатияв магIарулазул унго-унгояв шагIирлъун. Дида гьеб къо кидаго ракIалдаса унаро. Доб къоялъ ЦIадаса ХIамзат араб нухги букIун батизе ккола, Расул ХIамзатовас «Дир Дагъистан» абураб тIегьалде босараб, кидаго хьвадун ХIамзат ругьунаб сухъмахъ нух...**

**...1952 соналъул июнь моцIалъул тIад накIкI лъураб, роччараб къо букIана. Дун цIалулев вукIана анлъабилеб классалда. Росдал къотIнов дир гIелалъул лъималазда гъорлъ вукIана дун, гьезул цояс абуна, жакъа радал радиоялъ кьунин ЦIадаса ХIамзат хванилан абун.**



**Дун цо лахIзаталъ чIун хутIана. Кьурун тIадги вуссун, рокъовехун векерана ва кроваталда кIалагъоркье вегун чIана. Дида магIу кквезе кIвечIо.**

**Долдаса нахъе ана гIемерал сонал. Дир имгIал хвелелде цебесеб соналъ, Гъизилюрталда хIалтIулев вугев дун ана МахIачхъалаялде гьесухъе щвезе. Гьеб къоялъ, гьевги дунги хабаралда рукIаго, дица гьесда ракIалде щвезе гьабуна тIоцебесеб нухалъ дида машгьурав шагIир вихьараб доб къо. ИмгIалас гьеб мехалъ цо ящикалъуса къватIире рахъун, дол рикIкIадал соназ ЦIадаса ХIамзатги гьоркьов чIун бахъараб сурат кьуна дие. Гьеб суратги бахъун букIана доб 1949 соналъул июль моцIалда, доб лъарахъ дандчIван чанго къоялдасан, имгIал ЦIада росулъе арав мехалъ. Суратальул автор ккола доб заманаялъ Хунзахъ райисполкомалъул председателасул заместительлъун хIалтIулев вукIарав КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, жиндир мунагьал чураяв Хунзахъ росулъа Къебедов МухIамад.**

## Залму Батирова

# Чуязул хвел

Нижеца рагъда хадусел соназ гIумру гъабулеб букIана хъутаналда. Нижер колхозалъул аслияб магIишат букIана гьениб: чуялги, гIиялги, гIачиги. Дир эмен вукIана хIалтIулев чуязул фермаялъул заведующийлъун. Чуязул фермаялда аскIоб букIана гIачиязул фермаги. Фермаялдаса рахь шагьаралде баччулаан чол гьакида чIахIиял рахьдал цIурал бидоналги лъун. Гьеб баччулаан Гъази-дацица. Гьесие чуял цIакъ рокьулаан, гьезда гьес киданиги цIал кIутIулароан. Рахьги щвезабун вуссараб мехалъ, гьел кваназарулаан, гьезие тимар гьабулаан. Гъази-дацица абулаан гьедин тIалаб гьабичIони, гьел херал чуязул тату хехго хвезе бегьулилан, чуялги гIадамалго гIадин, херлъулин ва унтулин. Дида бихьана цо къоялъ Гъази-дацица гуреб цоги батIияв чияс, цIахIилал чуялги рараб фургоналда лъун, колхозалъул рахь шагьаралде босун унеб. Дун Гъази-дацида аскIове вилълъана. Гьев вугоан жиндирго фургоналда сверун лъугьун.

- Ассаламу гIалайкум, Гъази-даци!

- ВагIалайкум салам, дада!

- Жакъа мун щай инчIев шагьаралде рахь босун? Дида батIияв чи унев вихьана.

- Цояб чу нолъ хвана, дадал, кинха инев дун рахь босун? Дица, гьудуб гохIда нахъа ракьги бухъун, букъун тана гьеб пакъир ракьулъ. Дун хехго цогидаб чу бугеб бокьове векерана. Дида бихьана чуялъул пашманал беразулъан магIил гарал гирун унел. Гьеб бихьараб мехалъ дунгоги гIодана. Дица чуялда къвал бана, гьелда тIад кверал рахъана, амма чу багъарулеб букIинчIо. Дун векерана цо бахараб хер бугеб бакIалде. Дица къвал цIун гьеб бетIана, цинги херги босун чуялда аскIове щвана. Чуялъ цебе бараб харде кIал бегьичIо. Гирулебго гирулеб бадиса магIуги бугоан. Дица гIодосаги босун квер цIураб хер чуялда цебе ккуна. Гьелъ махI сунтIана, гьелъул далун бачIараб тIасияб кветI тIуркIана, цо пунхана, амма хер кваначIо. Дун цIакъ пашманго рокъове ана, эбелалъе бицана, бицунаго чвахулеб магIу дида чIезабизе кIолеб букIинчIо. Эбелалъ дие ракI-макI гьабуна, гьелъул камураб чуялда гьелъул ракI гурхIана. Цо дагьал къоял гьоркьор индал, гьелъул пашманлъи бигьалъилин, цIияб хер кванарабго гьелда рухIги щвелин абулеб букIана эбелалъ.

Амма иш батIайиса ккана. Чанго къоялдасан кIиабилеб чуги хвана. Гъази-дацица бицана гьалмагъ хвараладаса гьелъ кIалдибе я лъим босичIилан, я харде кIал бегьичIилан. Дун рокъовеги ун гIодана. Дида бичIчIана, чуял гIадал цIодорал хIайваназулги гьудуллъи букIунеблъи, гьездаги рокьизе лъалеблъи. Гьедин цоцазе хириял хIайваназул цояб хвани, цогиябги хвезе бегьулеблъи.



# БИЦАНКІАБИ

* * *

РухI гьечIеб, хIал гьечIеб,
ГIадан гIодов тIамулеб.

* * *

Кверал гьечIеб,
ХIатIал гьечIеб,
Горда кIетIолеб,
Рокъобе биччаян гьардолеб.

* * *

Кквезе щолареб,
Хъвазе кIолареб,
Квине бегьулареб,
Бищун гьуинаб.

* * *

Чваххулаго магIугун,
Гьурщун риччан гъалалгун,
МугIрул-щобал тирулеб,
ТIупун лъураб буртина.






Соколёнок
ISSN№0203 - 3682

Лачен

1/2017

январь - февраль

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель:
Министерство печати и информации РД.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г. выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
Мурад Ахмедов



Редколлегия:
А. МАЛАЧИЕВА (редактор выпуска)
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ



Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера М. Муталибов
Оформление обложки М. Ахмедов

Выход в свет 15.03.2017 г.
Тираж 1181 экз.
Заказ № 22

Типография: ООО «Издательство «Феникс пресс».
Адрес типографии: 367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция респуб-ликанских литературных журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»

Адрес редакции и издателя: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Аварский язык
Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.